



Pou Piblikasyon Imedya: 11/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENPAK EKONOMIK TOURIS ETA NEW YORK LA ATENN MONTAN ISTORIK \$104.8 MILYA

### *239 Milyon Vizitè te Vwayaje nan Eta New York la sa k ap Sipòte Enpak plis Pase \$100 Milya pou yon Twazyèm Ane Konsekitif*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse endistri touris Eta New York la atenn yon nouvo rekò nan kantite vizitè, kantite enpak ekonomik ak depans dirèk ototal an 2016 yo. Ane pase, yon rekò 239 milyon vizitè te vwayaje al nan Eta New York, sa ki te jenere yon enpak ekonomik \$104.8 milya – ki depase \$100 milya pou yon twazyèm ane konsekitif. Anplis de sa, vizitè yo te jenere pi gwo depans dirèk rekò \$64.8 milya. Montan sa yo chak reprezante yon ogmantasyon prèske twa pousan plis pase an 2015, investisman san presedan Gouvènè a nan endistri touris eta k ap fleri a te sipòte ogmantasyon sa a.

“Kilti rich, istwa divès, bote senik ak opòtinite anplennè New York la yo san egal”, **Gouvènè Cuomo te di.** “Avèk yon enpak ekonomik rekò \$104.8 milya, endistri touris New York la pi solid pase jamè, epi pandan n ap kontinye envesti nan destinasyon ak atraksyon ki gen kalib mondyal nou yo ki nan kat kwen eta a, vizitè ap vini deplizanpli pou vin fè eksperyans tout sa New York gen pou l ofri.”

[Tourism Economics](#) ki se yon antrepriz done ki rekoni sou echèl entènasyonal te founi estatistik sou touris la yo, l ap itilize modèl antre-soti Analiz Enpak la pou Fè Planifikasyon an (Impact Analysis for Planning, IMPLAN) pou Eta New York, anpil gouvènman, inivèsite, ak òganizasyon sektè prive ak piblik toupatou nan mond lan yo ap itilize modèl sa a. Modèl la swiv fliks lavant yo atravè ekonomi an pou jenere PIB, anlwa, salè pa èdtan ak taks.

### **Enpak Ekonomik: \$104.8 milya**

Ekonomi total apati touris atravè tout eta a te rive yon rekò \$104.8 milya, ki depase \$100 milya pou yon twazyèm ane konsekitif, yon ogmantasyon \$18 milya an konparezon ak valè an 2011 lan.

### **Depans Dirèk: \$64.8 milya**

Vizitè Eta New York la yo jenere \$64.8 milya nan depans dirèk an 2016, prèske twa pousan pi plis pase an 2015, epi prèske \$11 milya plis pase an 2011.

**Taks Eta ak Taks Lokal yo: \$8.2 milya**

Touris Eta New York la te jenere \$8.2 milya nan taks eta ak taks lokal yo an 2016, yon ogmantasyon prèske twa pousan pase an 2015, sa k ap fè chak kay fanmi ekonomize \$1,133 an mwayèn sou taks yo.

**Anplwa: 914,000**

Touris rete katriyèm pi gran anplwayè sektè prive a nan eta a, k ap sipòte plis pase 914,000 djòb, dapre Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor). Endistri touris la te responsab tou pou prèske \$21 milya nan salè pa èdtan dirèk, yon ogmantasyon 25 pousan depi 2011.

Anplis de sa, New York te akeyi yon rekò 239 milyon vizitè an 2016, 36 milyon plis pase lè Gouvènè Cuomo te pran pouvwa an 2011. Anplis de sa, kantite pasaje yo konte nan tout ayewopò Eta New York yo te ogmante plis pase senk pousan an 2016, avèk yon ogmantasyon prèske 4 pousan nan demann pou chanm otèl yo.

**Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky te di:**

“Angajman san presedan Gouvènè Cuomo pran pou l devlope touris la ap bay bon rezilta pou Nouyòkè yo, avèk vizitè k ap vini deplizanpli nan kominote nou yo, epi yo depanse anpil milya dola nan biznis ak atraksyon lokal yo. Soti nan Chit majestik Niagara (Niagara Falls) rive nan fa libète a ki se Estati Libète a (Statue of Liberty), New York gen destinasyon ikonik pou moun ki entèrese ak tout bagay, epi nou ap alafwa ankouraje ak akeyi tout moun pou yo vin vizite ak fè eksperyans Empire State la.”

**Senatè Rich Funke, ki se Prezidan Komite Zafè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi Sena a (Senate Committee on Cultural Affairs, Tourism, Parks & Recreation), te di,** “Kantite sa yo konfime touris ap ogmante djòb ak atire investisman isit la lakay nou nan rejyon Finger Lakes la, ak atravè tout Eta New York la. Kounye a, sektè touris la anplwaye prèske yon milyon nan kòlèg Nouyòkè nou yo, sa k ap sipòte prèske youn nan chak 10 djòb nan eta nou an jodi a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou patenarya li fè pou l ede pwomouvwa anpil atou inik ki pral atire plis vizitè ak plis djòb vin nan New York an 2017 ak alavni.”

**Manm Asanble Daniel J. O'Donnell, ki se Prezidan Komite Devlopman Atizay, Touris, Pak ak Espò a (Committee on Arts, Tourism, Parks and Sports Development) te di,** “Ogmantasyon ki bat rekò sa a nan sektè touris la se yon endikasyon klè ki montre bon jan investisman lejislati eta a ak Gouvènè a te fè nan youn nan endistri nan gran eta nou an yo. Pandan m ap vin trè familyè avèk bote rejyon Nò New York la apati trajè m ale ak soti Albany, ak atravè eta pandan manda m nan lejislati a, pwogram tankou Taste New York ak lòt inisyativ I LOVE NEW YORK la yo mete aksan sou valè sa a pou rezidan Vil New York yo oswa sila yo k ap pase atravè eta nou yo. Antanke Prezidan komite Atizay ak Touris la, mwen atann pou nou kontinye defann ak sipòte motè ekonomik enpòtan an sa a toupatou atravè eta a asanm ak Gouvènè Cuomo.”

Eta New York la gen 11 rejyon pou moun pase bèl vakans, ki gen moniman makan tankou Chit Nyagara (Niagara Falls), ki se pi gwo pak nan tèritwa kontinantal Etazini an nan Adirondacks yo ak trezò tankou Tanp Renomen pou Bizbòl (Baseball Hall of Fame) nan Cooperstown lan ak Mize Vit Corning lan (Corning Museum of Glass). Eta New York la ofri divès aktivite pou tout moun: amizman anplennè - monte motonèj, eski, planch a nèj, fè lapèch, randone ak navigasyon anplezans, festival pandan tout ane a ak eksplorasyon istwa ak kilti rich youn nan 13 premye koloni yo. Vizitè yo kapab pwofite de bon jan kwizin, santye bwason ak pwodwi alimantè frèch soti nan fèm mete sou tab. Pou plis enfòmasyon sou istwa rich Eta New York la vizite [paththroughhistory.iloveny.com](http://paththroughhistory.iloveny.com). Enfòmasyon sou tout atraksyon touris la yo disponib sou [iloveny.com](http://iloveny.com).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418